**दिन–सोमवार** **दिनांक–29.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार मे नौकरी आ नामांकन मे पैंसठि प्रतिशत जाति आधारित आरक्षण के निरस्त करबाक पटना उच्च न्यायालय के आदेश पर रोक लगेबा सँ मना कऽ देलक अछि। उच्चतम न्यायालय राज्य सरकारक दिस सँ दायर अपील पर नोटिस जारी कयलक अछि। एहि पर सुनवाई सितंबर मे कयल जायत। पटना उच्च न्यायालय पछिला मास अपन आदेश मे पिछड़ल वर्ग, अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति सभक लेल सरकारी नौकर आ राज्यक उच्च शिक्षण संस्थान सभ मे नामांकन मे आरक्षण पचास प्रतिशत सँ बढ़ा कऽ पैंसठि प्रतिशत करबाक बिहार सरकार अधिसूचना कैँ निरस्त कऽ देने छल।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आ राष्ट्रीय प्रवक्ता के.सी त्यागी कहलनि अछि जे उच्चतम न्यायालय के निर्णय सँ समाजक वंचित वर्ग निराश भेल अछि। ओ कहलनि जे हुनक पार्टी सरकार सँ आग्रह करत जे आरक्षणक मुद्दा के संविधानक नवम अनुसूचि मे सम्मिलित कयल जाय।

---

श्रम आ रोजगार मंत्री मनसुख मांडविया कहलनि अछि जे देश मे नौकरी के कोनो कमी नहि अछि। श्री मांडविया लोकसभा मे आई एक पूरक प्रश्नक उत्तर दैत कहलनि जे वर्तमान सरकारक नीतिगत हस्ताक्षेप के कारण देश मे बेरोजगारी दर कम भऽकऽ तीन दशमलव दू प्रतिशत रहि गेल अछि। ओ आशा कयलनि जे आबऽबला वर्ष मे बेरोजगारी दर तीन प्रतिशत सँ आओर कम भऽ जायत। श्री मांडविया कहलनि जे बजट मे प्रधानमंत्री के पैकेज सँ पांच वर्षक अवधि मे चारि करोड़ सँ बेसी युवा लोकनि के रोजगार आ कौशल के अवसरि प्रदान होयत। ओ कहलनि जे एहि लक्ष्य के प्राप्त करबाक लेल दू लाख करोड़ टाका के आवंटन कयल गेल अछि।

————————————————————————————————

लोजपा रामविलासक प्रमुख आ सांसद चिराग पासवान कहलनि अछि जे विशेष राज्यक मुद्दा के लऽकऽ पहिने के सरकार प्रावधान मे परिवर्तन के कोनो प्रयास नहि कयलक। ओ वैशाली मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत कहलनि जे पहिल बेर बिहार के स्पेशल पैकेज भेटल अछि। आगां विशेष दर्जा के लेल प्रावधान मे परिवर्तन सेहो संभव अछि।

————————————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ राज्य सरकारक मंत्री दिलीप जायसवाल आई बिहार भाजपाक अध्यक्ष के कार्यभार सम्हारि लेलनि अछि। पटना स्थित प्रदेश कार्यालय मे आयोजित दायित्व ग्रहण समारोह मे ओ प्रदेश अध्यक्षक पद ग्रहण कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि उपस्थित छलाह।

————————————————————————————————

पूर्व मध्य रेलक सोनपुर मंडल अंतर्गत समस्तीपुर के खुदीराम बोस पूसा रेलवे स्टेशनक लऽग आई दरभंगा सँ नव दिल्ली जा रहल बिहार संपर्कक्रांति एक्सप्रेस के सभ डिब्बा चलैत ट्रेनक इंजन सँ अलग भऽ गेल। मुदा ट्रेनक गति कम हेबाक कारण भीषण ट्रेन हादसा होयबा सँ बचि गेल। रेलवे के अधिकारी आ कर्मचारी लोकनि ओहि ठाम पहुँचि कऽ अलग भेल डिब्बा सभ के जोड़लनि। एकर बाद ट्रेन आगाँ विदा भेल। एहि घटना मे कीनको घायल हेबाक संवाद नहि अछि। एम्हर रेलवे दरभंगा फारबिसगंज रेलखंडक कोसी रेलपूल पर आई विद्युत इंजन परिचालनक सफल परीक्षण कयलक।

————————————————————————————————

आई साओन के दोसर सोमवारी अछि। मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेशक वातावरण शिव भजन आ बोलबम के जयकारा सँ गुंजयमान अछि। हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि जे विभिन्न मंदिर आ शिवालय सभ मे भोरहि सँ भक्त लोकनिक भीड़ मंदिर मे लागल अछि। दरभंगा के कुशेश्वर स्थान मंदिर, मंगरौनी के एकादश रूद्र महादेव, मधुबनी जिलाक कपिलेश्वर महादेव, मुजफ्फपुर के बाबा गरीबनाथ, सोनपुर के हरिहरनाथ, पूर्वी चंपारण के अरेराज मंदिर, पटना के बैकटपुर धाम, मधेपुरा के सिंघेश्वर स्थान आ लखीसराय के अशोक धाम सहित प्रदेशक विभिन्न मंदिर आ शिवालय सभ मे श्रद्धालु लोकनिक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। ओतहि कैमूर के माँ मुंडेश्वरी मंदिर आ सीतामढ़ी के हलेश्वर स्थान मे भक्त लोकनि भोरहि सँ जलाभिषेक कऽ रहल छथि। एम्हर भागलपुर के सुल्लतानगंज मे वृहत

संख्या मे कावड़िया लोकनि उत्तर वाहिनी गंगा सँ जल लऽकऽ एक सय पांच किलामीटर सँ बेसी के दूरी चलि कऽ देवघर स्थित बाबा बैद्यनाथ के जलाभिषेक करताह।

———————————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग मे मॉसूनक गतिविधि कमजोर पड़ि गेल अछि। जाहि कारण प्रदेशक अधिकांश भाग मे अल्प वर्षा के स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग से प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे मधेपुरा, सहरसा, आ सुपौल सहित राज्य उत्तर–पूर्व भाग मे किछु ठाम हल्का वर्षा भेल अछि। सहरसा जिलाक सत्तरकटैया मे सभ सँ बेसी उनैस मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन दिनक दरमियान राज्यक दक्षिण–मध्य, दक्षिण–पश्चिम आ उत्तर–पश्चिम भाग सभ मे कतेको ठाम मेघ गर्जना के संग ठनका खसबाक आशंका अछि। एहि लेल येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

आई अंतर्राष्ट्रीय बाघ दिवस अछि। एकर उद्देश्य बाघ सभक प्राकृतिक आवास के रक्षा आ बाघ संरक्षण के विषय मे जागरूकता बढ़ायब अछि। भारत मे वर्ष उनैस सय तिहतरि मे प्रोजक्ट टाईगर द्वारा बाघ अभयारण्य स्थापित कयल गेल छल। एहि अवसर पर पश्चिम चंपारण के बाल्मिकीनगर स्थित टाईगर रिर्जव आ विभिन्न चिड़ियाघर मे बाघ सभक संरक्षणक लेल जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।